# Жаслар тәрепинен жетистирилген палыз өнимлериниң ярмаркасы шөлкемлестирилди

Бүгин Нөкис қаласы орайлық дийқан базарында “Мўйноқ келажаги бунёдкорлари” жуўапкершилиги шекленген жәмийети жаслары тәрепинен жетистирилген палыз егинлериниң ярмаркасы шөлкемлестирилди.

Image not found or type unknown

Ярмаркада тек ғана  Мойнақ районы емес ал, Тахтакөпир, Беруний, Әмиўдәрья ҳәм Нөкис районларының жас дийқан жигит-қызлары да өзлери жетистирген қаўын, ғарбыз, картошка, пияз ҳәм помидор сыяқлы палыз егинлери менен белсенди қатнасты.

Image not found or type unknown

Әҳмийетлиси, өнимлер тутыныўшыларға қолайлы түрде, яғный арзан баҳаларда сатылмақта.

Image not found or type unknown

Өзбекстан жаслар ислери агентлиги Қарақалпақстан Республикасы басқармасы берген мағлыўматқа көре, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң  2020-жыл 14-февралдағы 81-санлы қарары менен шөлкемлестирилген Мўйноқ келажаги бунёдкорлари” жуўапкершилиги шекленген жәмийетине ажыратылған жер майданларын жумыссыз жасларға бериў арқалы бүгинги күнде 1044 жаслардың бәнтлиги тәмийинленип, наўқыран дийқан жаслар тәрепинен 4466 гектар майданға егинлер егилди.

Image not found or type unknown

Ярмарка 2020-жылдың 16-август сәнесине шекем даўам етеди.

Image not found or type unknown

Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Каналға ағза болыў - @QresMinistrlerKenesi